№ 2 (6)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL



ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

№ 2(6)/2025

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*

**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;

**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri orınbasarı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;

**AMANULLA RIZAYEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;

**HIKMAT RAJABOV** – professor;

**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;

**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,

**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**MARFUA XAMIDOVA** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**BOLTABOY SHODIYEV** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, docent;

**OZODA TOSHMATOVA** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;

**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;

**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Sh.Abdirov 2-jay.*

*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# ORFF METODÍ TÍYKARÍNDA MUZIKA SABAQLARÍNDA SAZ ÁSBAPLARDAN PAYDALANÍW

**Muratbaev A.**

*Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Annotaciya:** Muzıka sabaqlarında sabaqlar ele de ónimdar hám effektiv alıp barılıwı ushın durıs metodlardan paydalanıw oǵada áhmiyetli. Saz ásbaplardı tuwrı metodlar menen oqıtıw hám úyretiw baslı talaplar bolǵanı sıyaqlı, bala jası hám onıń professionallıq dárejesine mas bolǵan, tuwrı saz-ásbaplardı tańlap alıw júda áhmiyetli bolıp sanaladı. Bul maqalada Orff metodınıń ayrıqsha ózgesheliklериniń biri bolǵan hár qıylı jastaǵı oqıwshılardıń, ásirese, balalardıń qatnasıwın, improvizaciyanı hám muzıkalıq izertlewdi qollap-quwatlaw ushın arnawlı túrde jaratılǵan ásbaplardan paydalanıwın kórip shıǵamız. Orff instrumentariumında paydalanılǵan saz-ásbaplarǵa hám olardı tánlawdaǵı faktorların esapqa alıp otırıp, biz ózimizdiń milliy sáz-ásbaplardan qaysıların bul toparǵa mas dep ayta alamız, degen sorawǵa juwap izlep kóremiz.

**Gilt sózler:** Orff metodı, Orff instrumentariumi, milliy sáz ásbaplar, muzıka sabaǵı, ritm, ksilofon, urma ásbaplar, rekorder, dene perkussiyası.

**Аннотация:** Использование правильных методов крайне важно для того, чтобы уроки на уроках музыки были более продуктивными и эффективными. Так же, как обучение и преподавание музыкальных инструментов с использованием правильных методов является первостепенным требованием, очень важно подобрать правильные музыкальные инструменты, соответствующие возрасту ребенка и его профессиональному уровню. В данной статье мы рассмотрим использование специально созданных инструментов для поддержки участия учащихся разных возрастов, особенно детей, импровизации и музыкальных исследований, что является одной из отличительных особенностей метода Орфа. Учитывая инструменты, использованные в Орфском инструментарии, и факторы их выбора, мы попытаемся ответить на вопрос, какие из наших национальных инструментов мы можем назвать подходящими для этой группы.

**Ключевые слова:** метод Орфа, инструментарий Орфа, национальные музыкальные инструменты, музыкальный урок, ритм, ксилофон, ударные инструменты, рекордер, перкуссия тела.

**Abstract:** In music lessons, it is very important to use the correct methods so that lessons are conducted more productively and effectively. Just as teaching

and teaching musical instruments using appropriate methods is a primary requirement, it is also crucial to select the right musical instruments appropriate to the child's age and professional level. In this article, we will examine one of the distinctive features of the Orff method - the use of specially created instruments to support the participation of students of different ages, especially children, improvisation, and musical exploration. Considering the instruments used in the Orff instrumentarium and the factors in their selection, we will try to answer the question of which of our national instruments can be considered suitable for this group.

**Keywords:** Orff method, Orff instrumentarium, traditional musical instruments, music lesson, rhythm, percussive instruments, recorder, body percussion.

**Kirisiw.** Muzıka sabaqlarında sabaqlar ele de ónimdar hám effektiv alıp barılıwı ushın durıs metodlardan paydalanıw oǵada áhmiyetli. Muzıka sabaǵında iyeleniwi zárúr bolǵan, bala kognitiv pikirlewine úlken kómegi bolǵan – sáz ásbapta oynaw da, muzıka klasındaǵı áhmiyetli kónlikpelerden biri. Saz ásbaplardı tuwrı metodlar menen oqıtıw hám úyretiw baslı talaplar bolǵanı sıyaqlı, bala jası hám onıń professionallıq dárejesine mas bolǵan, tuwrı saz ásbaplardı tańlap alıw júda áhmiyetli bolıp sanaladı. Tuwrı hám mas keletuǵin ásbaplardan sabaqta paydalanıw qızıqlı hám nátiyjeli oqıw ortalıǵın jaratıw ushın júdá kerekli faktor bolıp tabıladı. Klasta qollanılatuǵın ásbaplar oqıwshılardıń muzıka menen óz ara qatnaslarına, uqıplarıń rawajlandırıwǵa hám dóretiwshilikti júzege shıǵarıwına tikkeley tásir etedi.

**Tiykarǵı bólim.** Balalar muzıka klası ushın mas hám qolay bolǵan saz ásbaplar dizimi hám jıynaǵı birqansha dúnyanıń aldı muzıka oqıtıw metodlarında óz kórinisin tapqan. Karl Orfftıń muzıka oqıtıw metodı sóylew, háreketleniw, qosıq aytıw, improvizaciya, urma saz ásbapları birlestirilip, muzıka óneri tábiyiy rawajlandırılıwǵa qaratılǵan usıl bolıp esaplanadı. Karl Orff (1895-1982) kompozitor hám muzıka oqıtıwshısı muzıkanı intuitiv, qızıqlı hám balalarǵa baǵdarlanǵan tárizde úyretiwge arnalǵan Orff Shulverk (yamasa Orff) metodı menen muzıka tálimine tereń tásir kórsetti. Orff metodınıń ayrıqsha ózgesheliklerininń biri hár qıylı jastaǵı oqıwshılardıń, ásirese, balalardıń qatnasıwın, improvizaciyanı hám muzıkalıq izertlewdi qollap-quwatlaw ushın arnawlı túrde jaratılǵan ásbaplardan paydalanıwı bolıp tabıladı. Orff ásbapları kishi jastaǵı baslanǵısh oqıwshılar ushın da paydalanıwǵa qolaylı bolıwı ushın jaratılǵan. Olar óziniń ápiwayılıǵı hám kóp qırlılıǵı menen tańlanıp, oqıwshılarǵa ritm, nama,

garmoniya hám dinamika sıyaqlı tiykarǵı muzıkalıq elementlerdi úyreniw imkaniyatın beredi. Kóplegen ásbaplarda alıp taslanatuǵın perdeler yaki klavishler bar bolıp, olar oqıwshılarǵa dissonans dawıslardıń aldın alatuǵın hám improvizaciyanıń tabıslı bolıwın támiyinleytuǵın pentatonikalıq shkala sıyaqlı ápiwayılastırılǵan tonallıqlardı jaratıw imkaniyatın beredi. Orff usılındaǵı ásbap túrleri tiykarınan tórt toparǵa bólip kórsetiledi:

**Urıp shertıletuǵın ásbaplar** - Orf instrumentariumınıń tiykarın quraydı, sebebi olar intuitiv bolıp, oqıwshılarǵa ritm hám pulsti ózlestiriwge járdem beredi. Olar jáne tómendegi kategoriyalarǵa bólinedi:

1. Notasız urma ásbaplar: Muzıkaǵa emes, bálki ritmge tiykarlanǵan saz ásbaplar: ritm tayaqshaları, qol barabanları, sheykerler, marakaslar, úshmúyeshlikler, samballar hám kastanetler.
2. Notalı urma ásbaplar: Oqıwshılarǵa nama hám garmoniyanı úyreniw imkaniyatın beretuǵın ásbaplar. Olarǵa tómendegiler kiredi: ksilofonlar (soprano, alto, bas), metalfonlar (soprano, alto, bas), glokenshpillar (soprano, alto).

Bul saz ásbaplar, ádette, aǵash yamasa metall tayaqshalarǵa iye bolıp, kóbinese toparlıq birge atqarıw hám dóretiwshilikti xoshametlew maqsetinde ansambl sharayatında shertiledi.

**Melodiyalıq ásbaplar.** Oqıwshılardıń nama hám sózlerdi túsiniwin jaqsılaw maqsetinde, urıp shertiletin ásbaplarǵa qosımsha túrde melodiyalıq ásbaplarda kirgiziledi. Eń kóp tarqalǵan mısal - rekorder ásbabı bolıp, ásirese soprano rekorder bolıp, onı shertiw ańsat hám oqıwshılardı úplep shertiletin ásbapları texnikası menen tanıstıradı. “Rekorder” bul aǵashtan islenilgen, úplep shertiletin ásbaplar shańaraǵına kiriwshi, tek ǵana háweskerler ushın jaratılatuǵın oyınshıq, oqıw quralı yamasa ápiwayı saz ásbabı emes, al álbette dóretiwshilikti de talap etetuǵın muzıkalıq ásbap bolıp esaplanadı.

**Dene menen urıp shertiw.** Dene perkussiyası dástúriy mánistegi ásbap bolmasa da, Orff usılınıń áhmiyetli bólegi bolıp esaplanadı. Oqıwshılardıń denesinen ásbap sıpatında paydalanıp, ritm hám dinamika menen shuǵıllanıwı, kinestetikalıq oqıwdı bekkemlew imkaniyatın beredi.

**Basqa ásbaplar.** Kishi saz ásbaplar (mısalı, ukulele yamasa kishkene arfa) yamasa pianino sıyaqlı basqa da saz ásbapları sabaqqa joldas bolıwı yamasa qosımsha dawıs qatlamların támiyinlew ushın paydalanılıwı múmkin.

Orf usılındaǵı balalarǵa mas hám qolaylı bolǵan ásbaplardan paydalanıw kóplegen oqıw hám rawajlandırıwǵa baylanıslı paydalar beredi, sonıń ishinde:

Aktiv qatnasıw: Oqıwshılar tikkeley muzıka dóretiwshiligi menen shuǵıllanıp, oqıw tájiriybesin qollap-quwatlaydı.

- Dóretiwshilik hám improvizaciya: ásbaplardıń ápiwayılıǵı izertlew hám dáslepki muzıkalıq dóretpelerdi jaratıwdı ańsatlastıradı. Hám bul óz gezeginde, balanıń ózine degen, óz muzıkalıq qábiletlerine degen isenimi artadı.
- Birge islesiw: ansambl oqıwshılardı basqalar menen tıńlaw, birge islesiw hám muwapıqlasıwǵa úyretedi.
- Muzıkalıq túsiniw: Oqıwshılar oynaw arqalı ritm, pát, dinamika hám garmoniyanı intuitiv túrde úyrenedi.

Orff usılında saz ásbapları quwanıshlı hám toltırıwshı muzıkalıq tájiriybeni jaratıwda oraylıq rol atqaradı. Bul ásbaplar ápiwayılıq, qolaylılıq hám kóp qırlılıqtı birlestirip, oqıwshılarǵa muzıkanı bilim beriwshi hám ruwxlandırıwshı túrde úyreniw imkaniyatın beredi. Bunday qatnas jeke muzıkalıq sheberlikti qáliplestirip qoymastan, dóretiwshilik, birge islesiw hám muzıkaǵa úzliksiz muhabbattı qáliplestiredi.

Al, bul Orff instrumentariumında paydalanǵan saz ásbaplardı hám olardı tańlawdaǵı faktorlardı esapqa alıp otırıp, biz ózimizdiń milliy saz ásbaplardan qaysıların bul toparǵa tiyisli dep ayta alamız? Álbette, biziń tıykarǵı saz ásbaplarımız bolǵan tarlı-tartqıshlı - duwtar, girjek, qobız, yamasa úplep shertiletin balaman sıyaqlı ásbaplardı endi muzıka álemine kirip kiyatırǵan baslanǵısh oqıwshılarǵa yáki ulıwma bilim beriw mekteplerinde professional hám specifikalıq úyretiw, balalardıń sabaqlarında ámeliyatta qollanıwǵa qosıw biraz balalar ushın qıyınshılıq tuwdırarı sózsiz. Bul ásbaplardıń diapazoni hám kólemi kishiriytirilgen túrleri islep shıǵılmasa, bulardı keyinirek, balalar biraz muzıka tuwralı baslanǵısh túsiniklerge iye bolǵan soń úyretile baslansa, yáki arnawlı muzıka mekteplerindegi jeke klaslarda úyretilse durıs boladı. Biraq, názerden sırtta qaldırılmay, tanıstırılıp barılsa kóbirek orınlı. Al, balalarǵa birden muzıkalıq ásbaplar menen baylanıs ornatıp, jeke tájiriybesinde sınap kóriwi ushın mas keletin saz ásbaplar da joq emes. Dúzilisi jaǵınan birqansha ápiwayi bolǵan hám kóplegen kónlikpelerdi talap etpeytin urıp shertiletuǵin hám demli saz ásbaplar jeterli. Olarǵa, mısali:
- Demli saz ásbaplar; úshpelek, qamıs sırnay, shınqobız, ǵartıq, balaman;
- Urıp shertiletin saz ásbaplar; tuyaq, qabaq, kishi dáp sıyaqlı.

Bul tóbedegi milliy ásbaplarımız hár tarepleme balaǵa dáslepki muzıkalıq tálimdi beriwde, muzıkalıq túsiniklerdi túsindiriwde, ritmikaliq túsiniklerdi kórsetkende eń jaqsı ápiwayı, ámeliy kómekshi wazıypasın atqara aladı. Jay ǵana úshpelek ásbabın mısal etip alayıq.

Úshpelek - qaraqalpaq xalqınıń úplep shertetuǵın ásbaplar qatarına kirip, onıń pishimi kishkene domalaq kóriniske iye, gúzege uqsaǵan bolıp keledi. Bul ásbap basqa xalıqlarda qus formasında bolıp, 1-3 tesigi boladı. Biziń úshpelek

ásbabımız ilaydan islenip, seslerdi ózgertetuǵın tiykarǵı eki tesigi bar. Úshpelektiń sesti jińishke bolıp, nay ásbabınıń sestine jaqın bolıp keledi. Úshpelek ásbabına arnalǵan sanawlı ǵana namalar bar bolıp, qaraqalpaq xalqında kóbinese shopan hám jılqımanlar shertip kelgen. Bul ásbaptıń dawısı júdá jaǵımlı, jumsaq hám onıń sestiniń artında qanday da bir elespesiz ájayıp ızıldı ses esitiledi. Bunnan tısqarı úshpelek, dońız qabaq sıyaqlı ásbaplar ılaydan islengenligi ushın kóbinese balalarga bir jaǵınan oyınshıq retinde qollanılsa, ekinshi bir tárepten hár qıylı jaǵımlı namalardı da atqaratuǵın ásbap bolgan. Úshpelek ásbabınıń birneshe túreleri bar. Bul saz ilaydan islep, pisiriledi. 3-4 tesiksheli, gúzege uqsas, jáne nayshali túriniń ishine suw quyıp shertilse, búlbildiń sestine uqsas ses beredi.

Bunnan bólek, balalar muzıka klaslarına ideal mas keletuǵın urıp shertiletin ásbaplarda bar. Tuyaq - bul ásbap attıń tuyaǵına islew beriw arqalı jasaladı. Eki tuyaqtı bir-birine urıw arqalı attıń júrisin yamasa shawǵan sestin beredi. Qabaq - bul ásbap jetilip pisken suw qabaqtıń eki tárepin kesip alıp, ishi tazalanıp, baspaq yamasa tay terisi menen qaplanadı. Tuyaq hám qabaq ásbapları shıǵarmadaǵı berilgen obrazlardı jaratıp beriw ushın usıl beriwshi ásbaplar bolıp tabıladı. Bul milliy saz ásbaplar menen jaqınnan tanısıw hám óz tájiriybesinen ótkeriw arqalı balalar muzıkanı tek teoriyalıq jaqtan emes, al óz úlkesiniń milliy muzıkalıq mıyrası retinde de úyrenedi hám milliy ruwxta tárbiyalandı.

Bul ásbaplardı toplap, tek ǵana jeke atqarıw emes, al ansambl bolıp namalar atqarǵanda da paydalanılsa boladı. Bul arqalı balalardıń toparlarda sherik bolıp islew kónlikpeleri asadı. Bunnan tısqarı, joqarıdaǵı ásbaplardıń ápiwayılıǵı, diapazonınıń tarlıǵı hám qolaylıǵı menen balalarǵa ásbaplarda erkin túrde improvizaciya qılıwǵa múmkinshilik jaratadı hám balalarda dóretiwshilik qábiletiniń rawajlanıwına alıp keledi.

**Juwmaq.** Orff instrumentariumındaǵı saz ásbaplar jıllar sınaǵınan ótkenligi, óziniń ápıwayılıǵı hám muzıkalıq improvizaciya hám eksperimentler qılıwǵa qolaylılıǵı menen endi muzıka álemine qádem qoyıp atırǵan balanıń muzıkalıq ásbap penen shoshımay baylanısqa kirisip hám ol menen hár túrli eksperimentlerdi qılıp kóriwin, ózi ushın muzıkalı ashılıwlar qılıwın qollap-quwatlawı menen júda áhmiyetli. Bulardıń bárin esapqa ala otırıp, hám bul sáz ásbap tańlawdaǵı jantasıwǵa biráz ǵana milliy kolorit, yaǵnıy, milliy saz ásbaplardı qosıw arqalı, muzıka klaslardaǵı saz ásbaplardan ónimli hám effektiv, hám milliy ruwxtaǵı muzıka klasların jaratıw artıq bolmas edi dep oylayman. Qáytse de, eń baslısı bul qosımshalar balanıń muzıkalıq hám kognitiv aqılınıń ósiwi hám rawajlanıwına úlken xızmet eteri sózsiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. “Discovering Orff: A Curriculum for Music Teachers” – Jane Frazee.
2. “Teaching general music: approaches, issues and viewpoints” – Brent M.gault, Carlos R.Abril, 2016.
3. Nadirova A. “Qaraqalpaq muzıka tariyxı” – Nókis: 2018.
4. “Music for Children” (Volumes 1–5) – Carl Orff & Gunild Keetman.

## MAZMUNÍ

*MUZÍKATANÍW*


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Султанова Е.** ФОРТЕПИАННОЕ ТРИО ФРАНСИСА ПУЛЕНКА В КОНТЕКСТЕ ФРАНЦУЗСКОЙ КЛАССИЧЕСКОЙ МУЗЫКИ XX ВЕКА | 3 |
| 2 | **Миркасымова Э.З.** ИСПОЛНИТЕЛЬСКАЯ ИНТЕРПРЕТАЦИЯ КАК ВАЖНЕЙШИЙ ЭТАП ДЕЯТЕЛЬНОСТИ МУЗЫКАНТА | 9 |
| 3 | **Мирсолихова Х.М.** МУСИҚИЙ АСАР УСТИДА ИШЛАШ ЖАРАЁНИ ҲАҚИДА | 16 |
| 4 | **Тожибоев С.** ИСЛОМ ДИНИ БИЛАН БОҒЛИҚ МАРОСИМ ВА БАЙРАМЛАРДАҒИ МУСИҚИЙ АНЪАНАЛАР | 21 |
| 5 | **Abatbaeva R.A.** KOMPOZITORLAR IJODIDA BALLADA JANRINING SHAKLLANISHI VA BUGUNGI KUNDAGI AHAMIYATI | 34 |


*KÓRKEM ÓNER*


| | | |
|---|---|---|
| 6 | **Allanbaev R.O.** “SUYMAGANGA SUYKALMA” MUSIQALI DRAMASINING O‘ZIGA XOS XUSUSIYATLARI | 41 |
| 7 | **Абрарова М.** ЎЗБЕКИСТОН ВА ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН АЁЛ КОМПОЗИТОРЛАРИНИНГ ТАФАККУРИ МОҲИЯТИ | 52 |
| 8 | **Aytmuratov B.K.** AKTYOR INDIVIDUALLIGINI SHAKLLANTIRISHDA ROL YARATISH USLUBIYATINING NAZARIY VA AMALIY ASOSLARI | 59 |
| 9 | **Azimov K.** DIRIJYORLIK TEXNIKASINING NAZARIY MASALALARI | 68 |
| 10 | **Eminov N.** “ALPOMISH” MUSIQALI DRAMASIGA AYRIM CHIZGILAR | 73 |
| 11 | **Gulmanov I.** DÁSTÚRIY HÁM ZAMANAGÓY MUZÍKADA DÁP ÁSBABÍNÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 80 |
| 12 | **Jaqsımuratova B.** VOKAL ATQARIWSHÍLÍGÍNÍŃ TARIYXIY EVOLYUCIYASÍ | 86 |
| 13 | **Karimova N.** FESTIVAL TUSHUNCHASI VA ULARNIG ILMIY-NAZARIY ASOSLARI | 92 |
| 14 | **Kazakbayeva M.** ARIYALAR USTIDA ISHLASH JARAYONIDA JO‘RNAVOZNING AHAMIYATI | 98 |
| 15 | **Kutekeeva R.** QORAQALPOG‘ISTON OPERA SAN’ATIDA MILLIY OBRAZLAR TALQINI | 104 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Matjanova M.** ATQARÍWSHÍLÍQ MÁDENIYATÍNDA KONCERTMEYSTERDÍŃ TIYKARǴÍ WAZÍYPALARÍ | 110 |
| 17 | **Sharipov N.** ZAMONAVIY FANDA AYOL OLIMALARNING O‘RNI | 117 |
| 18 | **Osman Kopadze.** THE SOFT POWER IMPACT OF TURKISH TELEVISION SERIES ON UZBEK SOCIETY | 122 |
| 19 | **Paxratdinova L.** SKRIPKANING KELIB CHIQISHI VA IJROCHILIK AN’ANALARI | 130 |
| 20 | **Shukurov A.** TEATR SAN’ATINI RIVOJLANTIRISHDA TARIXIY VA ZAMONAVIY YONDASHUV | 136 |
| 21 | **Tursunov E.** AN’ANAVIY YO‘NALISHDAGI XONANDALIK ASARLARI BOSHQA MILLAT VAKILLARI IJROCHILIGIDA | 147 |
| 22 | **Измаилов А.М.** ФОРМИРОВАНИЕ ОРКЕСТРОВОЙ ФУНКЦИИ ЗВУКОВЫСОТНЫХ УДАРНЫХ ИНСТРУМЕНТОВ В XVI–XVII ВЕКАХ | 153 |
| 23 | **Давыдова Т.** СТИЛЕВЫЕ ОСОБЕННОСТИ СИМФОНИЧЕСКИХ ОПУСОВ ТУЛКУНА КУРБАНОВА | 165 |
| 24 | **Миркасымова Э.З.** ХУДОЖЕСТВЕННЫЕ И СТИЛЕВЫЕ ПРИНЦИПЫ ФОРТЕПИАННЫХ ЦИКЛОВ Д.САЙДАМИНОВОЙ. | 170 |
| 25 | **Charshemov J.A.** QARAQALPAQ KOMPOZITORLARININ XOR USHIN JAZILǴAN SHIǴARMALARI | 177 |


***MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ***


| | | |
|---|---|---|
| 26 | **Djumaniyazov U.M.** XALQ MUSIQA IJODIYOTINI O‘RGANISHGA PEDAGOGIK YONDASHUV | 187 |
| 27 | **Yusupaliyeva D.** YOSHLARNING MA’NAVIY TARBIYASINI TAKOMILLASHTIRISHDA MADANIYAT VA SAN’ATNING O‘RNI VA AHAMIYATI | 196 |
| 28 | **Muratbaev A.** ORFF METODÍ TÍYKARÍNDA MUZIKA SABAQLARÍNDA SAZ ÁSBAPLARDAN PAYDALANÍW | 204 |
| 29 | **Мелькумова Э.И.** ФИЛОСОФСКО-МЕТОДОЛОГИЧЕСКИЕ ОСНОВАНИЯ НАУЧНОГО ПОЗНАНИЯ: СТРУКТУРА, ЛОГИКА И ТРАНСФОРМАЦИЯ В КОНТЕКСТЕ СОВРЕМЕННОСТИ | 210 |
| 30 | **Абдуллаева А.** РАБОТА НАД ФОРТЕПИАННЫМИ ПЬЕСАМИ Р. ГЛИЭРА В КЛАССЕ ОБЩЕГО ФОРТЕПИАНО | 217 |

| | | |
|---|---|---|
| 31 | **Saidumarov I.** ESTRADA XONANDALIGI SAN’ATI HAMDA VOKALDAN DARS BERISHDA INNOVATSION TEXNOLOGIYALARINING O‘RNI VA AHAMIYATI | 223 |

***JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER***

| | | |
|---|---|---|
| 32 | **Бердиниязова Н.К.** МЕҲНАТ ЖАМОАСИДА КАСАБА УЮШМАСИНИНГ ЎРНИ ВА АҲАМИЯТИ | 228 |
| 33 | **Пердебаева К.Р.** БАСПАСӨЗ ДИЗАЙНЫ ҮСТИНДЕ ИСЛЕЎ (Газетаның арнаўлы санлары анализи мысалында) | 234 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq journal*



